

Nimewo 28.24

DEKRÈ EGZEKITIF

DEKLARASYON IJANS POUTÈT KATASTWÒF NAN ETA NOUYÒK

KONSIDERE KE, dapre seksyon 362 ak 365 Lwa Sèvis Sante Piblik (42 U.S.C §§ 362 ak 365, ak règleman aplikasyon nan 42 C.F.R. § 71.40, nan 2 out 2021, Direktè Sant Kontwòl Maladi Etazini (Center for Disease Control, CDC) te pibliye yon *Re-evalyasyon Sante Piblik ak Òdonans pou Sispann Dwa pou Entegre Sèten Moun ki soti nan Peyi Kote Yon Maladi Kontajye ki Sijè a Karantèn Egziste* ("Òdonans Tit 42 la");

KONSIDERE KE, Òdonans Tit 42 a entèdi migrasyon "etranje ki kouvri" yo nan peyi Etazini ki vwayaje soti Kanada oswa Meksik (kèlkeswa peyi orijin yo) ke, yon lòt fason, t ap entegre nan yon anviwònman kolektif nan yon pò antre oswa nan yon estasyon Patwouy Fwontyè Etazini nan peyi Etazini ak fwontyè kotyè adjasan yo oswa toupre;

KONSIDERE KE, depi lè ekspirasyon Òdonans Tit 42 a nan dat 11 me 2023, plizyè milye lòt moun te chècheabri nan Nouyòk, kote Vil Nouyòk sèlman aktyèlman responsab pou bayabri ak plis pase 40,000 migran;

KONSIDERE KE, sipò federal enpòtan anpil pou sipòte Vil Nouyòk ak lòt gouvènman lokal nan Eta a ki manke enfrastrikti, enstalasyon, ak resous ki nesèsè pou satisfè demann imanità imedyat pou loje ak satisfè lòt bezwen debaz arive gwo kantite imigran; epi

KONSIDERE KE, kantite imigran k ap chècheabri nan Vil ak Eta Nouyòk yo prevwa agrave yon kriz imanità ki deja sou gwo echèl epi kreye yon ijans pou katastwòf kote gouvènman lokal yo pa kapab byen entèvni, sa ki kreye yon menas pou sante ak sekirite, ki ka lakòz pèt lavi oswa pwopriyete;

KOUNYE A, KIDONK, MWEN MENM, KATHY HOCHUL, Gouvènè Eta Nouyòk, grasa otorite Konstitisyon Eta Nouyòk la ak Seksyon 28 Atik 2-B Lwa Egzekitif la ban mwen, mwen pwolonje Ijans Poutèt Katastwòf nan Eta a jan sa deklare nan Dekrè Egzekitif 28 la, jan sa kontinye nan Dekrè Egzekitif 28.23, epi kontinye tèm, kondisyon, ak sispannyon ki nan Dekrè Egzekitif 28 la, jan sa kontinye nan Dekrè Egzekitif 28.23, jiska 12 avril 2025.

F È T

anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan
Vil Albany nan trèzyèm jou mwa mas sa
a nan ane de mil vennsenk.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a